A Bhabhironi nehama dzayo. Zvakazarurwa 17:1-2.

- Mukadzi ari muna Zvakazarurwa 12 anomiririra sangano ra Mwari,rakachena uye rakatendeka.Bhabhironi zvinomirira sangano renguva yekuguma rakatsauka uye risina kutendeka.Sangano iri mubatanidzwa wemasangano mazhinji.
- Tikatarisa ndima 1, 2 na 15, vanhu vazhinji vakapatsanurwa kuita mapoka maviri:
  - *Madzimambo enyika*. Vakungamiri vezvematongerwo enyika vachatsigira Bhabhironi nemitemo yezvematongerwo enyika inekuita nezvechitendero.
  - *Vanogara panyika.* Avo vakabatwa nedzidziso dzenhema dze Bhabhironi.Vanonamata chikara nemufananidzo wacho.

B Bhabhironi nechikara chitsvuku. Zvakazarurwa 17:3-7.

- Bhabhironi rinomirira simba rezvechitendero,uye chikara chinomirira masimba ezvematongerwo enyika.
- Zvakasiyana nenguva dzakare,masimba ezvechitendero neezvematongerwo enyika achanyatsosiyaniswa panguva dzekugumisira.

C Chikara chitsvuku:

- **Chaivapo,hachisisipo,chodo kukwira. Zvakazarurwa 17:8.**
  - Chikara ichi chine misoro minomwe uye nyanga gumi seshato uye chikara chinobva mugungwa.Satani anesimba pamusoro pechikara ichi.
  - Chinozviti chakafanana na Mwari (Zva. 1:8), asi zvakati siyanei:
    (1) "Chaivapo". Zvinosanganisira misoro yaivepo panhoroondo,kubva munguva ya Johani kusvika 1798.

    (2)"Hachichipo". Chakakuvadzwa zvinouraya.

    (3) "Chodo kukwira". Chichawana simba racho zvekare.

- **Misoro minomwe. Zvakazarurwa 17:9-11.**
  - Chikara chinotanga kuzivikanwa sekuti Rome, guta rine makomo manomwe (v. 9), asi tsananguro yechipiri inowedzerwa (v. 10).
  - "Mambo" wechitanhatu "aripo". Ndiyo Rome (chikara chechina muna Danieri 7 uye nyanga muna Danieri 8).
  - Nekudaro,madzimambo mashanu "vawa" I Ijipita (humambo hwekutanga kutsikirira vanhu vaMwari), Assiria, Babhironi, Medo-Persia ne Girisi.
  - Chikara ndimambo wechisere (hupapa, ronda rinouraya raro rapora).
- **Nyanga gumi. Zvakazarurwa 17:12-18.**
  - Nyanga idzi dzinotorwa dzakatenderera panyaya yekuwa kwe Bhabhironi,uye dzine rupande rukuru rwekuita panguva iyi (v. 16-17). Nekudaro dzinoonekera panguva yematenda,dzakanyatsotaurwa kuti madzimambo epanyika (v. 18).
  - Pekutanga vanotsigira Bhabhironi pakurwa kwake nevanhu vaMwari.Zvakadaro,vanopedzisira vanyangadzwa naye vomusiya panguva yematenda echishanu nechitanhatu (v. 16).
  - Masimba matatu ehusatani anovagombedzera kuti varwise Kristu nevanhu vake zvekare (v. 17).

B Kukurira kwaKristu. Zvakazarurwa 17:14.

- Avo vanotambira shoko iri,voramba vakatendeka kuna Kristu,vanhu venenge vadanwa,vasarudzwa uye vakatendeka.
- Kukunda kwedu kuchaveko kwazvo kwazvo,nekuti Gwayana riri kutirwira.
- Ngenyi zvakanyanyokosha kuti tive vakachena uye takatendeka kushoko iro Mwari akatipa?